

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **1.1 Kacindekan**

Tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun yén tradisi Hajat Sasih téh mangrupa tradisi anu geus dilaksanakeun sacara turun-tumurun ti karuhun warga masarakat Kampung Naga anu terus dijaga nepi ka jaman ayeuna. Tradisi Hajat Sasih Mulud dilaksanakeun patali pisan jeung ajaran agama Islam nyaéta dina raraga miéling *Hari-hari Besar Islam* nyaéta dibabarkeunana Nabi Muhammad saw.

Tradisi Hajat Sasih Mulud miboga maksud jeung tujuan, nyaéta (1) mangrupa kagiatan tradisi pikeun miéling poé dibabarkeunana Nabi Muhammad saw.; (2) Salaku ébréhan rasa sukur masarakat Kampung Naga ka Allah Swt. anu geus méré ni'mat dina ngalaksanakeun sakabéh kahirupanana; (3) pikeun ngamumulé tradisi anu diwariskeun ku karuhun masarakat Kampung Naga dina mangsa saméméhna; (4) pikeun ngébréhkeun rasa hormat masarakat Kampung Naga ka para karuhun anu geus tilar dunya, sangkan dijauhkeun tina sagala rupa hal anu matak jadi mamala dina kahirupan masarakatna; jeung (5) bisa jadi hiji média pikeun ngaraketkeun tali duduluran antar masarakat katurunan Kampung Naga.

Tradisi Hajat Sasih Mulud ngawengku kana tilu bagéan nyaéta pra tradisi, prakna tradisi, sarta pasca tradisi. Kagiatan pra tradisi ngawengku kana dua bagéan nyaéta (1) kagiatan sawala; jeung (1) nataharkeun sasajén jeung pakakas. Saupama kagiatan prak-prakan tradisina ngawengku kana lima bagéan, nyaéta: (1) waktu lumangsungna tradisi; (2) tempat lumangsungna tradisi anu ngawengku imah kuncén, imah masarakat Kampung Naga, masjid, walungan, jeung leuweung larangan; (3) palaku tradisi Hajat Sasih Mulud anu ngawengku kuncén, punduh adat, lebé, patunggon, masarakat Kampung Naga, jeung warga Sanaga; (4) pakéan tradisi Hajat Sasih Mulud; jeung (5) kagiatan dina tradisi Hajat Sasih Mulud anu ngawengku prosés nyieun tumpeng, beberesih, ngagunakeun pakéan tradisi Hajat Sasih Mulud, meresihan makam luluhur (karuhun), ngagenti pager Bumi Ageung, jeung ngadu'a di masjid. Sarta panungtung aya kagiatan Pasca tradisi Hajat Sasih Mulud anu mangrupa kagiatan panutupna.

**Aisah Astuti, 2020**

**HAJAT SASIH MULUD DI KAMPUNG NAGA DÉSA NEGLASARI KACAMATAN SALAWU KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII (Ulitan Sémiotik)**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Disagigireun éta tradisi Hajat Sasih Mulud miboga unsur sémiotik anu patali jeung ma'na atawa harti anu nyangkaruk dina ieu tradisi anu kabagi kana tilu bagéan nyaéta ikon, indéks, simbol anu kaasup kana papasingan nurutkeun Peirce. Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga téh unsur ikon jumlahna aya tilu belas, indéks jumlahna aya sapuluh, jeung simbol jumlahna aya salapan belas.

Ieu tradisi mangrupa kabeungharan budaya urang Sunda anu geus sakuduna dijaga ku masarakatna jeung ku générasi ngora salaku panerusna. Kabeungharan budaya anu aya di daérah bisa nambahan kabeungharan budaya anu aya di tatar Sunda. Ieu kabeungharan budaya jadi ciri has tina tradisi-tradisi anu kudu dipikawanoh ku masarakat Sunda sacara umumna sangkan henteu katindh ku mekarna jaman jeung asupna kabudayaan asing ti luar.

## **1.2 Implikasi**

Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga Désa Neglasari Kacamatan Salawu Kabupatén Tasikmalaya mangrupa hiji tradisi anu beunghar ku kabudayaan. Ieu tradisi jadi cicirén beungharna kabudayaan anu aya di tatar Sunda. Kabeungharan budaya anu aya di tatar Sunda hususna dina tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga ditanglungtik dina raraga méré mangpaat pikeun balaréa. Mangpaatna hususna dina widang pangaweruh sangkan pamaca bisa leuwih mikawanoh kana salasihiji tradisi anu aya di Tatar Sunda. Salian ti éta ogé pikeun dokuméntasi kabudayaan.

Ieu dokuméntasi kabudayaan téh bisa méré mangpaat pikeun générasi ngora sangkan leuwih mikawanoh kana kabudayaan anu aya di lingkunganana sorangan. Salian ti éta ogé ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pembanding pikeun panalungtikan séjén anu sarua medar ngeunaan tradisi kabudayaan hususna anu aya di tatar Sunda.

## **1.3 Rékoméndasi**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban informasi ngeunaan tradisi anu aya di tatar Sunda, hususna di Kabupatén Tasikmalaya. Ieu hal ogé dilakukeun sangkan informasi ngeunaan tradisi henteu katindh ku hal-hal séjén anu datang ti luar. Dina mangsa kahareupna hususna pikeun, mahasiswa, guru,

masarakat sarta lembaga-lembaga kabudayaan dipiharep bisa leuwih loba ngalaksanakeun kajian ngeunaan tradisi Hajat Sasih anu aya di Kampung Naga.

Hususna pikeun mahasiswa dipiharep bisa ngalaksanakeun panalungtikan anu séjén anu leuwih jero ngeunaan tradisi Hajat Sasih Mulud sangkan bisa kaguar deui hal-hal anu séjénna anu aya dina ieu tradisi. Pikeun guru salaku pangajar dipiharep mikawanohkeun deui tradisi-tradisi anu aya di tatar Sunda ku cara nepikeun ka siswa ngaliwatan média saperti artikel. Sarta pikeun masarakat ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih méré informasi pikeun kahirupanana sangkan leuwih wanoh kana tradisi-tradisi hususna tradisi Hajat Sasih Mulud anu aya di Kampung Naga.